

Videyo Pwen Diskisyon ke Direktè Lekòl Mwayen Cypress Palm nan Itilize pou Akeyi Vizitè

Sali! Non mwen se (Deborah Cox), direktis Lekòl Mwayen Cypress Palm, e mwen kontan anpil pou mwen kapab pataje mesaj sa a avèk ou an liy.

Malgre nou pa kapab reyini an pèsòn aktyèlman, nou kontan anpil pou nou reyini e sali elèv klas 6yèm ane nou yo ki ap monte pou sezon otòn nan. Lekòl Mwayen Cypress Palm se yon bon kalite lekòl mwayen; li genyen anpil opòtinite pou elèv aprann e avanse. Nou menm se Sabrecats e nou ofri yon gwo gam òf sou kou akademik ak elektif.

Eske ou konnen ke Lekòl Mwayen Cypress Palm se lekòl mwayen ki pi resan nan Collier County? Li te kòmanse fonksyone nan otòn 2007. Cypress Palm te swa yon lekòl A oswa B pou 11 nan ane depi li te kòmanse fonksyone. Nou genyen yon Pwogram Aprè Lekòl ki ofri anpil klip ak espò chak lendi rive jiska jedi e yon Pwogram Anvan Lekòl pou ede elèv avèk devwa yo soti lendi rive vandredi.

Kòm ou kapab wè, genyen anpil pou aprann e eksperyans pou fè nan Lekòl Mwayen Cypress Palm. Nou okipe sou fè preparasyon pou lòt ane e vle pataje kèk enfòmasyon adisyonèl avèk ou.

Anplis videyo a, ou pral resewa yon mesaj nan PowerPoint ki pral ofri enfòmasyon adisyonèl sou kisa pou w espere nan lekòl mwayen.

Ou pral resewa tou enfòmasyon sou pwosesis pou seleksyon kou ke nou pral ansenye pandan kèk semenn k ap vini yo.

Kòm toujou, nou rann tèt nou disponib nan telefòn epi/oswa adrès elektwonik pou reponn kesyon ou. Mete ou alèz pou kontakate Melissa Coleman dirèkteman, Asistan direktis pou Kourikoulòm nan 239-377-5202 oswa yon kourye elektwonik nan colemame@collierschools.com) oswa mwen menm pèsònèlman nan 239-377-5204 oswa voye yon kourye elektwonik ban mwen nan coxde@collierschools.com

Nou pral kontinye rete an kontak avèk ou si nou genyen enfòmasyon ak nouvo chanjman, e nou pa kapab tann pou rankontre ou nan mwa out pwochen!